ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ  HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATÍNDAGÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDPGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

**Saparbaev Tajibay**

# *SHAŃARAQLARDAǴI BALA TÁRBIYASINDA AWIZEKI XALIQ DÓRETPELERINEN PAYDALANIW*

**Metodikalıq qollanba**

**Nókis-2020**

**Dúziwshi**: Saparbaev Tajibay

Bul metodiykalıq qollanbada shańaraqlarda bala tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıwdıń pedagogikalıq áhmiyeti sóz etiledi.

Qaysı dáwirde bolsada balalar tárbiyasında awızeki xalıq dóretpeleri haqıyqıy tárbiya quralı retinde paydalanıladı. Metodikalıq qollanbada awızeki xalıq dóretpeleriniń bir nehse janırlarınan yaǵnıy besik jırınan, naqıl maqallardan, erteklerden, jumbaqlardan, jańıltpashlardan bala tárbiyasında paydalanıw múmkinshilikleri izbe-iz óz sáwleleniwin tapqan.

**Juwaplı redaktor:**

**Allaniyazov I** Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń «Pedagogika» kafedrası p.i.k.

**Pikir bildiriwshiler:**

**Tilegenov A.** Óz PIII Qaraqalpaqstan filiyalı direktorı, p.i.k .

**Aleuov O.** Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń pedagogika kafedrasınıń professorı

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Oqıw-metodikalıq keńesi(27-dekabr 2019–jıl №3 sanlı bayanlama) májilisi qararı menen baspaǵa usınıs etilgen.

## Kirisiw

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri oǵada kóp janrlı bolıp, onıń jas óspirimler tárbiyasında tutqan ornı oǵada ullı. Jaslarǵa milliy tárbiya beriwde haqıyqıy tárbiya quralı bolıp esaplanadı.

Awızeki xalıq dóretpelerinen tárbiya payıtında erkin paydalanıwǵa Ózbekstan óziniń ǵárezsizligine eriskennen keyin erkin jol ashıldı.

Xalıq awızeki dóretpesinen tárbiya payıtında paydalanıw besik jırınan baslanıp, qosıqlar (balalar qosıqları, miynet qosıqları, muhabbat qosıqları, termeler, tolǵawlar, tariyxıy jırlar h.t.b.) jańıltpashlar, jumbaqlar, naqıl-maqallar, oyınlar, dástanlar, sheshenlik sózler, ertekler h.t.b. keńnen qollanıladı.

Awızeki xalıq dóretpeleri bala dúnyaǵa keliwden baslap tap ómiriniń aqırına shekem tárbiyalıq tásirlerin tiygizedi desek, qátelespeymiz.

Jaslar tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıwdıń hár túrli jolları, usılları shańaraqtan baslanadı. Bala tárbiyasında ata-analar aldında turǵan wazıypalar oǵada ullı bolıp tabıladı.

Elimizdiń birinshi Prezidenti I.Karimov óziniń 1997 jılı avgust ayındaǵı Ózekstan Respublikası Oliy májlisiniń IX sessiyasında jasaǵan bayanatında ata-analardıń aldında turǵan ullı wazıypalardı belgilep berdi: «Ata-analardıń óz perzentleri aldında bir neshe qarızları, parızları bar. Olar: balalarǵa jaqsı at qoyıw, jaqsı oqıtıwshıǵa tapsırıw, sawatlı, ilimli etiw, kásip óner úyretiw, shańaraqlı, úyli - jaylı etiw»,[1] - dep, ata-analarǵa ata-babalarımızdan kiyatırǵan oǵada áhmiyetli, parızlı wazıypanı esletip qoydı.

Ata-analar ózleriniń perzentlerin milliy tiykarda tárbiyalaw barısında awızeki xalıq dóretpelerinen keń paydalansa, álbette, kewildegidey nátiyje beriwi sózsiz. Tilekke qarsı, qaraqalpaq shańaraqlarınıń bárinde bala tárbiyasında elege shekem awızeki xalıq dóretpelerinen jeterli dárejede paydalanbay atrǵanlıǵınıń yamasa xalıq awızeki dóretpelerinen qáte paydalanatuǵınınıń gúwası bolıp kelmektemiz.

**Xalıq awızeki dóretpeleriniń payda bolıwı,**
**rawajlanıwı hám izertleniwi haqqında**

«Awızeki xalıq dóretpesi», «Xalıqtıń awızeki poetikalıq dóretpesi», «Xalıq awız ádebiyatı», «Xalıq danalıǵı», ulıwma xalıq aralıq termin «folklor» degennen xalıqtıń hár qıylı tematikadaǵı qosıqların, naqıl-maqalların, jumbaqların, aytısların, termelerin, tolǵawların, ańız-áńgimelerin, anekdotların, erteklerin, dástanların h.t.b. túsinemiz.

«Folklor» anglichan tilinen alınıp, termin retinde qollanılatuǵın sóz. Ol «xalıq dóretpesi», «xalıq danalıǵı» degen túsinikti bildiredi. Yaǵnıy folklor degennen biziń kóz aldımızǵa belgili bir xalıqtıń dóretpeleri keledi. Al usı awızeki xalıq dóretpelerin, yaǵnıy folklordı úyrenetuǵın, izertleytuǵın, tekseretuǵın ilimdi folkloristika deymiz. Solay etip, folkloristika xalıq awızeki dóretpeleri haqqında ilim, al joqarıda kórsetilip ótilgen onıń materialı bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq folkloristikasınıń rawajlanıwına úlken dárek bolǵan, respublikamızdıń ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwın kórsetetuǵın 1959 jılı Ózbekstan Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan filialınıń shólkemlesti-riliwi, onıń quramında tariyx til hám ádebiyat institutı dúzilip, qaraqalpaq folklorı sektorınıń ashılıwı, qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerin turaqlı ráwishte jıynawda, basıp shıǵarıwda hám izertlewde jańa etaptı payda etti, qaraqalpaq folkloristleri mektebiniń dóreliwine tiykar saldı.

Qaraqalpaq xalıq dóretpeleriniń áyyemgi dáwirdegi dereklerine názer salatuǵın bolsaq, Orta Aziya xalıqlarınıń kópshiliginiń ata-babaları esaplanǵan Shıǵıs Aral jaǵalarında biziń eramızdan burıngı VII-V ásirlerde jasaǵan sak-massaget qáwimleriniń mádeniyatı menen baylanıslı bolǵanlıǵın kóremiz. S.P.Tolstov júrgizgen arxeologiyalıq izertlewler Aqshadárya hám Sırdáryanıń ortańǵı jaǵalawlarınan Inkárdárya boylarınan sak-massaget qáwimleriniń izin taptı. Olardıń sharawashılıq, balıqshılıq, ańshılıq kásipleri menen shuǵıllanǵanlıǵı anıqlandı.

Tagesken hám Uyǵaraqtan qazılıp tabılǵan biziń eramızdan burıngı VI-V ásirlerge tuwra keletuǵın zatlardıń ishinde qoladan hám islengen attıń er-turmanları, sarı jaydıń jebesi, qoladan temirden islengen pıshaqlar menen qanjarlar, uzın temir qılıshlar tabıldı. Sonday-aq, Uyǵaraq penen Tageskenniń qábirlerinen tabılǵan zatlarda suwın, sayǵaq, at, kiyik, qaban, arıslan, barıs, túwe h.t.b. haywanlardıń súwretleri salınǵan.[1]

Biziń eramızdan burıngı VI ásirde Iran shahı Kir Orta Aziyanıń kóp jerlerin basıp algan. Orta Aziya xalqı, ásirese Tumaris basshılıǵındaǵı massaget qáwimleri, Kirge qarsı qattı sawash júrgizgen. Kirdiń áskerleri jeńilip, ózi urısta óledi. Usı waqıya tiykarında dóregen «Tumaris» qaharmanlıq eposı biziń dáwirimizge kelip jetpegen. Epostıń mazmunı grek

tariyxshısı Gerodottıń «Tariyx» kitabında berilgen. Onıń mazmunı mınanday: Massaget qáwimleriniń basshı hayalı Tumaris óz eliniń tınıshlıǵın qorǵaydı. Kir massagetlerge qáwip tuwdıradı. Ol Tumariske úylenip, massagetlerdi ózine qaratıwdı oylaydı. Biraq bunı Tumaris maqul kórmeydi. Kir massagetlerge qarsı urıs ashadı. Urıs maydanına shıqqan

Tumaris dushpanǵa qarap: «Sen tınıshlıqtı qálemeyseń, sol sebepli keńesimizge kónbey, massagetler menen qarsılasıwdı oyladıń. Bizdi aytsań, biz saǵan zıyan bermey, dáryanıń arjaǵına úsh kúnlik jolǵa kóship ketemiz, biymálel dáryadan óteseń, onnan soń júzbe-júz urısamız. Eger biz benen dáryanıń sen turǵan jaǵasında ushıraspaqshı bolsań, onı da ayt, biz buǵan da ırzamız, tek namártlik qılma» - dedi.

Kir hiylelik penen Tumaristiń balası Sparganiz basshılıǵındaǵı bir topar jigitlerdi más etip qolǵa túsiredi. Tumaris bunı bilip, ashıwlanıp: «Áy qanxor Kir, qılǵan isińe maqtanbay-aq qoy, sen meniń balamdı júzbe-júz urısta jeńgeniń joq, onı aldap, sharap ishtirip, qolǵa túsirdiń. Endi meniń keńesime kir, balamdı maǵan tapsırıp, kelgen jerińe zıyansız qayt. Eger sózime kirmeseń, massagetler táńirisi Quyash atı menen ant etemen, men sendey ashkóz juwhanı qan menen suwǵaraman»,-deydi. Aqıl sózge kirmegen Kir jeńiledi, ózi óledi. Tumaris Kirdiń gellesin qan menen toltırılǵan meske saladı, óz urısına juwmaq jasap: «Áy námárt, sen meni urısta seni hadal jeńip shıqqan bir hayaldı makkarlıq penen ulınan ayırıp, perzent daǵına kúydirdiń, sen ómiriń boyı qanǵa toymadıń. Men óz antımdı orınlap, seni qan menen suwǵardım. Birewdiń jurtına zorlıq qılıp basıp kirgenlerdiń jazası sol, - deydi.

Ápsananıń mazmunında keltirilgen Tumaris obrazınan hayallar patshalıǵında hayallardıń qaharmanlıǵın, olardıń ótken dáwirlerdegi jámiyet turmısınan iyelegen ornın bayqawǵa boladı. Hayaldı uran etiw, hayallardı batır etip kórsetiw qaraqalpaq folklorında qáliplesken dástúr bolıp esaplanadı. Sonlıqtan bul dástúrdiń massaget eposındaǵı syujet penen baylanısıp keliwi ata-babalar dástúriniń dawamlanıwı sıpatında kórinedi.

Qaraqalpaq folkloristikasınıń payda bolıwında hám rawajlanıwında áyiemgi dáwirden qalǵan derekler,sonday-aq, Orta ásirlerdegi jazba estelikler, XVIII-XIX qaraqalpaq ádebiyatı wákilleriniń shıǵarmaları úlken áhmiyetke iye.

Folklor úlgileriniń uzaq saqlanıwında ataqlı baqsı-jırawlardıń xızmetleri oǵada úlken. Biz bul dástúrdi XIV ásirdegi bizge belgili Soppaslı Sıpıra jırawdan baslap kóremiz. Sonıń menen birge Orta ásirlerden baslap XX ásirge shekem dawam etken qıssaxanlar, qátipler, shayırlar dástúri, awız ádebiyatı úlgileriniń kitap etip taratılıwı, XVIII ásirden baslap Rossiya imperiyasında jasawshı túrkiy xalıqlardıń awızeki xalıq dóretpesi úlgileriniń óz aldına kitap etip Peterburg, Moskva, Qazan, Orenburg, Tashkent,

Samarqand, Kazan h.t.b. qalalarında basılıwları folkloristikanıń kórinisleri edi.

Jiyen menen Kúnxoja, Ájiniyaz benen Berdaq, Ótesh penen Omar shıǵarmalarındaǵı folklorǵa qatnas, folklor úlgilerinen sheber paydalanıw olardıń qaraqalpaq folklorı haqqındaǵı oylarınan dárek berip turatuǵın edi. Olar óz shıǵarmaları arqalı ǵana emes, al kimi jıraw, kimi baqsı, kimi qıssaxan bolıp, qaraqalpaq folklorın propagandaladı. Olar qaraqalpaq xalqınıń kóp ásirlik folklorınıń haqıyqat jan kúyeri boldı, olardıń saqlanıwına, rawajlanıwına, bayıwına óz úleslerin qostı. Usınıń ózi olardıń belgili bir traktat jazbaǵan menen xalıqtıń folklorına úlken húrmet penen qaraǵanınan hám folklor úlgilerine joqarı baha bergenliginen, olardıń uzaq saqlanıwına sebepshi bolǵanlıǵınan guwalıq beredi.

Ótkendegi qaraqalpaq jıraw, baqsı, qıssaxan, shayırları usı jumıstı islemegende, qaraqalpaq xalqınıń kóp ásirlik folklorınıń úlgileri biziń dáwirimizge kelip jetpegen bolar edi.

XVIII ásirdiń ortalarınan baslap orıs ilimpazları qaraqalpaq folklorı menen qızıǵa basladı. Olar qaraqalpaq folklorınıń geypara úlgilerin jazıp alıp, túp nusqasın da hám orıssha awdarmasın da bastırıp shıǵaradı. Bul haqıyqatında da qaraqalpaq folklorın zaman ilimi kóz qarasınan izertlewdiń jańa hám dáslepki qádemleri edi. Álbette, bul dáwirdegi orıs izertlewshileriniń qaraqalpaq h.t.b. Orta Aziya xalıqlarınıń tili, folklorı, tariyxı, etnografiyasın izertlew maqseti, bir tárepinen koloniyalıq siyasatı kóz qarasınan bolsa, ekinshi hám tiykarǵısı - ilimiy áhmiyetinde boldı.

XIX ásirdiń aqırında N.Ostroumov óziniń «Poslovicı i pogovorki tuzemnıx narodov Turkestanskogo kraya» degen miynetinde bir neshe qaraqalpaq naqıl-maqalların keltiredi. Sonday-aq, ol «Pesnya plach po Urmanbek» degen materialdı da daǵazalaydı. A.Rossikova bir neshe qaraqalpaq erteklerin, ańızların bastırıp shıǵaradı.

Usı dáwirde ulıwma túrk sózlerin, atamaların, slavyan eposlarında izlew menen salıstırmalı izertlew júrgizgen iri orıs tyurkologları P.M.Melioranskiy hám F.E.Korshtıń miynetleriniń úlken áhmiyetke iye ekenligin atap ótiw kerek. Mısalı, P.M.Melioranskiy óziniń «Tureckie elementı v yazıke «Slova o polku Igoreve» degen miynetinde slavyansha «Bolvan», «Boyan», «Topchaki», «Kogan», «Saltan», «Chaga», sózleriniń shıǵısı túrkshe «palwan», «bayan», «topıshaq», «qaqan», «sultan», «bala-shaǵa», sózleri bolıwı kerek, dep kórsetedi.

1928 jılı latın grafikası tiykarındaǵı qaraqalpaq alfaviti tastıyıqlandı.

1928 jıldıń ózinde ele arab grafikası menen Seyfulǵabit Majitovtıń «Qaraqalpaq ádebiyatı jıyıntıǵı» basılıp shıqqan edi. Usı kitabında avtor bir neshe ertek, naqıl-maqal, jumbaqlardı keltiredi.

1930-31 jıllarda Qaraqalpaqstanda bolǵan waqtında jıynalǵan materiallar tiykarında jazılǵan S.E.Malovtıń «Zametki o karakalpakskom yazıke» miyneti tek qaraqalpaq tili ǵana emes, al onıń folklorında úyreniwde belgili ilimiy jumıs ekenin atap ótiw kerek. Ol birinshi mártebe qaraqalpaq tiliniń izertleniwiniń qısqasha ocherkin usı kitabınıń «Xod izucheniya karakalpakskogo yazıka» degen bóliminde bergen edi. Sonda ol qaraqalpaq tilin sóz etken Palmblad, Valbi, Vamberi, Radlov h.t.b. basqalardıń atların kórsetiw menen birge 1903- jılı qaraqalpaqlar arasına kelip, folklor materillarıın jıynaǵan professor P.M.Melioranskiydiń shákirti I.A.Belyaevtıń jumısların tolıǵı menen atap ótedi. Sonday aq ol usı miynetinde V.Drujininniń «Materialı po folkloru uzbekov» degen jumısında qaraqalpaq naqıl-maqallarınıń berilgenin kórsetedi. S.E.Malov 1926-29 jıllarda Qaraqalpaqstanda bolıp folklor boyınsha júdá bahalı hám jańa materiallar jıynaǵan N.A.Baskakovtıń, A.Davletovtıń jumıslarınıń basılmay atırǵanına ókinish bildirgen edi.

Solay etip, qaraqalpaq tiliniń belgili úlken izertlewshileriniń biri S.E.Malov qaraqalpaq folklorın hám tilin izertlewshi N.A.Baskakovtıń jumısların joqarı bahalaǵan edi.

1925 jılı Tórtgul qalasında pedagogikalıq texnikumınıń, awıl-xojalıq texnikumınıń, sovpartshkolanıń ashılıwı, onda jergilikli milletler balalaranıń bilim alıwı, S.Májiytov baslaǵan ádebiyat boyınsha oqıw qurallarınıń payda bolıwı menen rus ilimpazlarınıń basshılıǵında qaraqalpaq folklorın, ádebiyatın úyreniwge qızıǵıwshılıq arttı.

Qaraqalpaq hám jergilikli milletlerdiń balaları Tashkentke, Alma-Ataǵa, Xiywaǵa, Samarqandqa oqıwǵa jiberiledi.

Qaraqalpaq folklorınıń úlgilerin jıynaw hám basıp shıǵarıwdıń háwij alıwı sebepli ótken ásirdiń 30 jıllarında jańa basqıshqa kóteriledi. Usı jılları folklordı jıynawǵa, basıp shıǵarıwǵa hám ilimiy maqalalar jazıwǵa N.Dawqaraev, A.Begimov, Q.Ayımbetov, O.Kojurov, Á.Shamuratov, N.Japaqov h.t.b. aktiv qatnasadı.[1]

Qaraqalpaq folklorı wákilleriniń (Jiyen, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Omar h.t.b.) shıǵarmaların xalıq arasınan jıynaw máselesine ilimiy mákemeler menen bir qatarda kóbirek kewil bólip, qızǵın jumıs alıp barǵan Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamı boldı. A.Begimov, N.Dáwkaraev, Q.Ayımbetov, O.Kojurov h.t.b. intası menen folklor úlgilerin jıynaw, revolyuciyaǵa shekemgi shayırlardıń dóretpelerin jıynaw qolǵa alındı.

Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamınıń tikkeley basshılıǵında hám materiallıq kómek etiwi nátiyjesinde bul áhmiyetli jumısqa jergilikli qániygelerden biraz adamlar tartıldı. Olardıń ishinde ayrıqsha kózge túskenleri, belgili folklor hám ádebiyat úlgilerin jıynawshılar Sádirbay Máwlenov hám Shamshet Xojaniyazovlar boldı.

S.Máwlenov (1919-1942) Taxtakópir rayonınıń 8-awıl keńesi aymaǵında tuwılǵan. Aıwldaǵı baslanǵısh mektepti pitkerip kolxozda islegen. 1937 jılı gazetaǵa xızmetker bolıp ornalasadı. Sol jılı Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamına jumısqa ótedi. Urıs baslanǵanda Watandı qorǵawǵa ketip, sol jaqta qazalanadı. Ol jaslayınan qaraqalpaq folklorı, ádebiyatı menen qızıǵadı. 1929 jılı Moynaq rayınoınıń II awılındaǵı meshitten Berdaqtıń «Aqmaq patsha» dástanın tabadı. Sonnan baslap ol óziniń awıllası Shámshet Xojaniyazov penen Qaraqalpaqstan jazıwshılar Awqamınıń hám til ádebiyatı institutınıń tapsırması menen Qaraqalpaqstannıń barlıq awılları menen elatlı punktlerinde bolıp, Jiyenniń, Kúnxojanıń, Ájiniyazdıń, Berdaqtıń, Óteshtiń, Omardıń, Gulmurattıń h.t.b. tiykarǵı shıǵarmaların hám folklor úlgilerin jazıp aladı hám jıynaydı. 1939-jılı bir jılda olardıń jıynaǵan materialı 50000 qatardı quraydı.

S.Máwlenov «Qırıq qız» dástanınıń tiykarǵı hám kópshilik bólimin Qurbanbay jırawdan jazıp alǵan. A.Begimov dástannıń keyingi betlerin jazıp alǵan. S.Máwlenov urısqa ketip xabarsız ólip ketiwine baylanıslı onıń atı «Qırıq qız» dı jazıp alıwshılar qatarına kirgizilmey qalǵan. Negizinde barlıǵın derlik S.Máwlenov jazıp alǵanlıqtan onıń atın tiklesek, haqıyqatlıq qarar tapqan bolar edi.

Urıstan burın «Qoblan» dástanın jazıp alıwdı N.Japaqov baslaǵan, azǵana jazǵan, al onı pútini menen Esemurat jırawdan jazıp alǵanda S.Máwlenov. S.Máwlenovtıń qol jazbası Ózbekstan Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan filialınıń Qoljazbalar fondında saqlanıp turıptı. Bul da: «Máwlenov tutqınǵa túsip ketkenge qusaydı»,-degen ósekke baylanıslı hám basqa da sebepler menen jıynawshı tek Japaqov dep jazılıp ketken. Bul epostı da jıynawshı retinde birinshi gezekte S.Máwlenovtıń atın ataw kerek.

S.Máwlenovtıń jaqın dostı, awıllası, qálemlesi Shámshet Xojaniyazov (1918-1942) Taxtakópir rayonınıń 8 awıl keńesi aymaǵında tuwıladı. Baslanǵısh mektepti pitkeredi, kolxozda jumıs isleydi. 1937-jıldan baslap «Qızıl Qaraqalpaqstan» gazetasınıń redakciyasında isley baslaydı. Al 1938-jıldan baslap Qaraqalpaqstan jazıwshılar Awqamına jumısqa kiredi. Urıstıń birinshi kúnleri frontqa ketip sol jerde qazalanadı. Sh.Xojaniyazov qaraqalpaq folklorın hám revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń úlgilerin ayrıqsha inta menen, úlken mehir-muhabbat penen jıynaydı.

Ol 1932-jılı Bektursın jırawdan Jiyenniń «Posqan el» poemasın jazıp aladı. Ol S.Máwlenov penen birge Jazıwshılar Awqamı hám til ádebiyat institutınıń tapsırması menen Qaraqalpaqstannıń rayonlarınıń hámme jerinde bolıp, Jiyenniń, Kúnxojanıń, Ájiniyazdıń, Berdaqtıń, Óteshtiń, Omardıń, Gulmurattıń h.t.b shıǵarmaların jazıp alıp, olardı qunt penen jıynaydı hám izertleydi.

S.Máwlenov penen birge Sh.Xojaniyazov Qurbanbay jırawdan «Qırq qız», «Qurbanbek», «Shiyrinsheker» «Er Qosay», «Xan gereń» h.t.b. dástanlardı, Abdimurat jırawdan «Máspatsha» dástanın, Qarajan baqsıdan «Dawletyarbek» dástanın jazıp alǵan.

S.Máwlenov penen Sh.Xojaniyazovtıń qaraqalpaq folklorın hám ádebiyatın jıynawdaǵı xızmetleri oǵada úlken. Olar 20 dan aslam qaraqalpaq dástanların biletuǵın Qurbanbay jırawdıń bay epikalıq tvorchestvosın ashtı. Onıń eń jaqsı jırlaytuǵın eposı «Qırq qız» dı birinshi ret jazıp aldı. Abdimurat jıraw, Esemurat jıraw, Qarajan jıraw h.t.b. tvorchestvolıq baylıǵına da birinshi ret jol tapqan solar.

Olar revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń shıǵarmaların qunt penen birinshi ret toplaǵan, jıynaǵan, hátte qayta tiklegenler boldı. Biz S.Máwlenov hám Sh.Xojaniyazovtıń qaharmanlıq jıynawshılıq isi arqasında Jiyenniń, Kúnxojanıń, Ájiniyazdıń, Berdaqtıń, Óteshtiń, Omardıń, Gulmurattıń eń tiykarǵı shıǵarmaların qolǵa kirgizdik. Olardıń xızmetisiz revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń shıǵarmalarınıń jıynalıwın kóz aldımızǵa keltiriw qıyın. Olar tek ádebiy shıǵarmalardı jıynap qoymastan, olardıń ómir bayanları haqqında da birinshi materiallardı topladı.

Shayır hám jurnalist S.Máwlenov penen Sh.Xojaniyazovlarǵa folklor hám ádebiyat materialların jıynaw úlken abıroy áperdi. Usı xızmetleri qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında olardıń atınıń qalıwına tiykar boldı.

Q.Ayımbetovtıń XX ásirdiń 30-jıllardıń aqırı, 40-jıllardıń basındaǵı folklordı jıynaw, bastırıp shıǵarıw, maqala jazıw isleri belgili ádebiyatshı ilimpaz, jurnalist Orınbek Kojurov penen birge alıp barılǵan.

O.Kojurov (1910-1954) Tórtkúlde tuwılǵan. Atasınan erte jetim qalıp, Shoraxandaǵı rus jergilikli mektebinde isleytuǵın aǵası Erjan Kojurovtıń shańaraǵında tárbiyalanadı. 1930-jılı Tashkenttegi politexnikumdı pitkeredi.

1935-jılǵa shekem suw sistemasında gidrotexnik bolıp isleydi. Onıń rus tilin ayrıqsha biliwi awdarmashılıq jumıs penen shuǵıllanıwǵa alıp keledi. 1935-jıldan baslap awdarmashılıq hám «Qızıl Qaraqalpaqstan» gazetası redakciyasında juwaplı jumıslarda isley baslaydı, ilimiy hám doretiwshilik isler menen shuǵıllanadı. Al Q.Ayımbetov penen birge ekspediciyaǵa qatnasıp, qaraqalpaq folklorı, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha materiallar jıynaydı hám sol tuwralı maqalalar jazıwǵa kirisedi. 1940-jılı onıń baspaǵa tayarlawında, Q.Ayımbetovtıń redakciyasında birinshi ret «Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı» degen at penen qaraqalpaq folklorı hám ádebiyatı materiallarınıń jıyıntıǵı revolyuciyaǵa shekemgi eń dáslepki basılǵan qaraqalpaq ádebiyatınıń qısqa bir antologiyası sıyaqlı edi.

Bunda Jiyenniń ómiri haqqında qısqasha maǵlıwmat, onıń «Posqan el» poeması, «Kúnxojanıń qısqasha ómiri», «Jaylawım», «Túye ekenseń»,

«Shopanlar» qosıqları, Ájiniyazdıń qısqasha ómiri, «Bozataw», «Ellerim bardı» qosıqları, Berdaqtıń «Shejire», «Ernazar biy», «Xorezm», «Oylanba», «Kelin», «Balam», «Bilmedim», «Ádil ahmaq», «Bıyıl», «Salıq», «Jaz keler me», «Xalıq ushın», «Ómirim», «Aqmaq patsha» shıǵarmaları basılǵan. Óteshtiń qısqasha ómiri, onıń «Nuratdin», «Kórdim», «Gulziyba», «Shermende» qosıqları, Omardıń qısqasha ómiri, «Ne payda», «Elim», «Bar eken», «Berermen», «Biybijan», «Ayırsha», «Bekpan», «Biybi Aysha», «Kemal», «Gulayım», «Qoraz», «Qaytaman», «Seniń», «Jetkersin», «Gunayım», «Kórindi», «Kerek emes», Sarıbaydıń «Qurısın jasım, qurısın», «Jarǵanat penen aytıs», Gulmurattıń «Qayda baraman», «Qayrawda jalǵız ǵaz», Toqpan ulı Sıdıqtıń «Zaman», «Qusshılardıń qusı ólgende aytqanı», «Pirmanbiydiń diyxanına Sıdıqtıń aytqanı», Qulmurattıń «19» poemasınan úzindi, Annaqul shayırdıń «Oraz aldı», «Qazıwda», «Kók ózek boyı», «Qızlar qosıqları», Ayapbergenniń «Aydos baba», «Molla Amanquldıń Iran Turanǵa at izlep ketken táriypi» basılǵan.

Usı basılǵan materiallardıń ishinde Berdaqtıń «Xorezm», Ayapbergenniń «Aydos baba», «Molla Amanquldıń Iran Turanǵa at izlep ketken táriypi» shıǵarmaların Qallı Ayımbetov hám Orınbek Kojurov jazıp alǵan.

Kitaptıń jartısına jaqını folklorlıq materiallar. Olardan naqıl, jańıltpash, jumbaq, «Jalǵı talasıw», «Qudaydı aldaǵan túlki», «Aldar kóse», «Jiyrensheniń sózleri» aytıs, «Bermeken», «Jiyrensheniń úyleniwi», «Duzaqshı ǵarrı», «Qaytıp kel», «Tiyin», «Jeńgejan», «Biykesh», «Joqlaw», «Háwjar», «Betashar», «Báyt», «Ertek», «Ótirik ertek» Qallı Ayımbetov penen Orınbek Kojurov tárepinen ekspediciya waqtında jıynalıp, basıwǵa jiberilgen.

Qaraqalpaq awız eki ádebiyatı oǵada bay materiallarǵa iye. Olar XX tomlıq qaraqlpaq folklorında sáwlelengen. Házirgi «Qaraqalpaq folklorı» nıń I-II tomları 1977-jılı «Qaraqalpaqstan» baspasında jarıq kórdi. Al, III-IV-V tomları 1978-jılı, VI tomı 1980-jılı baspadan shıǵarıldı.

1981-jılı VII tomı «Alpamıs» dástanı, VIII tomı «Qoblan» dástanı, IX tomında «Er ziywar», «Qanshayım», «Qurbanbek» dástanları, 1982-jılı X tomında «Máspatsha» dástanı toplamları bolıp baspadan shıqtı.

1982-jılı XI tomı «Aytıs»tıń birinshi kitabı, 1983-jılı XII tomı «Aytıs» tıń ekinshi kitabı jıynalıp, baspada shıǵarıldı. «Qaraqalpaq folklorı» nıń XIII tomı 1984-jılı «Sháryar» dástanı, 1985-jılı XIV tomında «Ǵárip ashıq», «Sayatxan Hamra» dástanları, 1986-jılı XV tomı «Góruǵlı» eposı baspadan shıqtı.

1987-jılı XVI tomında «Yusip-Axmet», «Yusip-Ziliyxa», «Ashıq Nájep», «Húrlixa-Xamra» dástanları, XVII tomında «Shiyrin-Sheker», «Jas kelin», «Erqosay» dástanları baspadan shıǵarıldı.

«Qaraqalpaq folklorı» nıń XVIII, XIX XX tomları 1988-89 jılları basılıp shıǵarıldı. Solay etip, qaraqalpaq folkloristleriniń uzaq jıllar dawamında

jámáátlik miynetiniń nátiyjesinde xalqımızdıń folklorınıń saylandı úlgileri 20 tomda jarıq kórdi. Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri tolıq izertlenip bolınǵan joq, olardı izertlew, tolıqtırıw, úyreniw ele dawam etpekte.

## Shańaraqlarda bala tárbiyasında xalıq awızeki dóretpelerinen paydalanıwdıń pedagogikalıq áhmiyeti.

Awızeki xalıq dóretpeleri shańaraqtı bala tárbiyasın shólkemlestiriwde oǵada qunlı ǵáziyne sıpatında xızmet etetuǵın biybaha xalıq pedagogikası úlgileri bolıp tabıladı.

Awızeki xalıq dóretpeleri balalarǵa hám jas óspirimlerge qonımlı hám túsinikli bolıp, olar onı tez ózlestirip, úyrenip hám túsinip aladı. Sebebi, olarda xalıqtıń ármanları, úmit hám tilekleri, turmısı hám tirishiligi ápiwayı hám qızıqlı etip súwretlenedi. Sonıń menen birge, olarda súwretlengen waqıyalar menen hádiyseler kúndelikli turmısta da jiy-jiy ushırasıp turadı.

Awızeki xalıq dóretpeleri arqalı tárbiyalanǵan bala ózin qorshaǵan dúnya hám turmıs shınlıǵın durıs túsiniwge úyrenedi. Balalarǵa folklorlıq shıǵarmalar úlken quwanısh hám lázzet baǵıshlaydı, olarda qosıq, taqmaq, ertek, jumbaq, naqıl-maqal, jańıltpash hám sanamaqlardı aytıp úyreniw uqıbın oyatadı.

Awızeki xalıq dóretpeleri shıǵarmaları balalardıń tálim-tárbiya jumısları tájiriybesine bekkem enip barmaqta. Tilekke qarsı, geybir ata-analardıń arasında bul qunlı materiallar durıslap, sheberlik penen paydalanıp, awızeki xalıq dóretpeleriniń mazmunın balalardıń sana-sezimine jetkerip barıw isine áhmiyet bermeytuǵınları da ushırasıp qaladı. Olar bunday shıǵarmalardıń balalar tárbiyasındaǵı, ásirese, olardıń sózlik qorın bayıtıwda hám obrazlı, hám kórkem sóylemlerdi paydalanıp sóylewde atqaratuǵın rolin, estetikalıq sezim hám ádep-ikramlılıq qásiyetlerdi tárbiyalaytuǵının tiyisli dárejede bahalamaydı. Al haqıyqatlıǵında shańaraqlarda awızeki xalıq dóretpeleri tárbiya máselesinde oǵada áhmiyetili orınǵa iye.

Shańaraqlardaǵı balalar tárbiyasında qollanıwǵa qolaylı awızeki xalıq dóretpeleriniń janrları oǵada kóp. Olardan kúndelikli turmısta milliy tárbiyanıń qálegen túrin ámelge asırıwda paydalanıw múmkin.

Ulıwma tálim-tárbiya barısında awızeki xalıq dóretpeleriniń barlıq túri oǵada kóp paydalanıladı.

Balalar turmısında naqıl-maqallardıń tárbiyalıq áhmiyeti oǵada ullı. Naqıl-maqallar awızeki «xalıq dóretpeleriniń keńnen tarqalǵan janrlarınıń biri. Kórnekli pedagog-ilimpazlar, alımlar naqıl-maqallardı xalıq pedagogikasınıń miniatyuraları», dep júdá orınlı ataǵan. Bunda xalıq óziniń kóp jıllıq jámiyetlik hám tariyxıy tájiriybesin sáwlelendirgen. Xalıqtıń oy-

pikirleri menen arzıw-ármanları, olardıń jámiyetlik turmısqa kóz-qarasları, tárbiya haqqındaǵı túsinikleri naqıl-maqallarda óziniń eń tujırımlı hám jıynaqlı kórkem sáwleleniwin tapqan. Naqıl-maqallar xalıqtıń turmıstı kúndelikli baqlawınıń tiykarında dóregen bolıp, olar mısalında tek bir áwlad ǵana tárbiyalanıp qoymaydı. Olar atadan-balaǵa, áwladtan-áwladqa ótip kiyatır. Hátteki, olardaǵı «ushırma sózler», «qanatlı sózler» ullı danıshpan alımlardıń da , shayırlarımızdıń da ruwxıy azıǵı, yosh dáregi bolıp xızmet etken. «Aqıllı adam naqılsız sóylemes» - dep qaraqalpaq xalqı biykarǵa aytpaǵan. Xalqımız: «naqıl-tildiń kórki, sózdiń duzı», dep durıs bahalaǵan. Naqıl- maqallardı xalqımız óziniń ustazı hám keńesgóyi, keleshek áwladqa qaldıratuǵın órnekli hám kórnekli miyrası, obrazlı, durıs oy juwırtıw úlgisi, dep esaplagan.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey, jámiyetlik sananıń bir bólegi bolǵan naqıl-maqallardıń basım kópshiligi qalıń xalıqtıń iygilikli arzıw-ármanların, ádiwli ideyaların iske asırıwǵa, yaǵnıy turmısqa durıs kóz-qarastı qáliplestiriwge qaratıladı. Olar, ásirese, turmıs ushın kúndelikli zárúr bolǵan zatlardı zinharlap násiyatlaydı. Solardıń qatarında materiallıq baylıqlardıń qaynar bulaǵı, abadan turmıstıń gilti sıpatında miynetti ulıǵlaydı, hadal miynetten, mańlay terden dóregen iygilikli islerdiń qádir-qımbatına jete biliwdi, olardı qásterlep, únemlep jumsawdı násiyatlaydı.

Qaraqalpaq naqıl-maqalları da, basqa xalıqlardıń naqıl-maqalları sıyaqlı, júdá qısqa, az sózli, tujırımlı hám qonımlı bolıp keledi. Solardıń ishinde xalıq arasında eń keń taralǵanları miynet súygishlik haqqındaǵı naqıl-maqallar.

Miynet temasına arnalǵan naqıl-maqallarda hár bir adamnıń ayanbay miynet etip, xalıqqa xızmet kórsetiw ideyası birinshi orınǵa qoyıladı. Miynet penen tabılǵan dúnya biybaha, qunlı, miynet penen tabılǵan nan mazalı hám juǵımlı boladı, dep násiyatlanadı naqıl-maqallarda, mısalı:

«Adam miyneti menen bahalanadı»,
«Háreketke bereket»,
«Miynetin kórse, ráhátin de sol kórsin»,
«Isleseń-tislerseń»,

«Miynet túbi ráhát» degen sıyaqlı naqıl-maqallar usı dúrkimdegi naqıl-maqallardan esaplanadı.

Berdaq atamız «Mańlaydan ter tógip, dizeńdi búgip, Tapqan bir zaǵarań paldan jaqsıraq» dep násiyatlap ótken.

Qaraqalpaqstannıń jer sharayatında diyxanshılıq ushın eń zárúrli hám sheshiwshi nárselerdiń biri suw bolıp esaplanadı. Házirgi waqıtta Aral teńizi suwınıń azayıp qurıp ketiwi tek úlkenlerdi ǵana táshiwishke salıp qoymastan, jas óspirimlerdi de hátteki balalardı da oylandırıp atır. Olar suw haqqında sóz etkende, naqıl-maqallardı keltirip sóylegendi oǵada unatadı. Sonıń menen birge, xalıqtıń tirishiligi birden-bir jerge, suwǵa baylanıslı

bolǵanlıqtan, usılar haqqındaǵı xalıq naqıl-maqallarına óz aldına arnawlı toqtap, mınaday mısalardı keltirip ótpekshimiz. «Ana jer suw menen saqıy», «jer gáziyne, suw gáwhar», «Suw keldi-nur keldi», «Diyxannıń kúni suw (jer) menen, baqanıń kúni kól menen», «Balıq suwda tiri», delinedi bul dúrkimdegi naqıl-maqallarda.

Qaraqalpaq shańaraqlarında bala tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıw múmkinshilikleri oǵada kóp, olardı orınlı hám óz waqtında paydalanıw, álbette, tárbiyalıq islerdiń sanalı bolıwına óz paydalı tásirin tiygizedi.

Awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıw analardıń háyiwinen, yaǵnıy besik jırlarınan baslanadı. Bul háyiw aytıw Oraylıq Aziya xalıqlarınıń bárinde de keń en jayǵan. Hátteki pútkil dún'ya júzi xalıqları turmısında da qollanıladı, desek qátelespeymiz.

Shıǵıstıń ullı alımı Ábu Ali Ibn Sino óziniń «Kanon vrachebnoy nauki»[1] degen kitabında besiktiń hám besik jırınıń paydalı táreplerin sóz etken. Onıń pikirinshe: …. «bóbektiń tilegin qanaatlandırıw barısında eki nárseniń áhmiyeti oǵada ullı, biri - balanı besikte áste ǵana terbew, ekinshisi-uyıqlaw ushın dástúrge aylanıp ketken nama ırǵaǵı menen oǵan háyiw aytıw» - dep kórsetken. Demek, háyiw aytıw Ibn Sino dáwirinde de, hátteki onnan burın da bolǵanlıǵınan derek beredi.

Bunda bala jubatıwshı ata-ananıń óz perzentine bolǵn súyispenshiligi, haq tilegi, baxıtlı ármanları, keleshektegi gózleytuǵın arzıwları balası arqalı orınlanıwın kútiwi sóz etiledi. Mısalı:

Aynalayın appaǵım,
Qozı júni qalpaǵım,
Qozım meniń gúl bolǵay,
Jıynaǵanım toy bolǵay,
Tonım toyǵa ulasqay,
Dáwlet kelip ornasqay

Besik jırlarındaǵı jıllı-jumsaq sózler ul hám qız balalarǵa óz aldına arnap aytıladı. Ul balalarǵa «Qozım», «qulınım», «qalpaǵım», «telpegim», «botam», t.b. sózler keltirilip, teńewler formasında boladı. Al qız balalarǵa «appaǵım», «gúlim», «qaymaǵım», «suwsınım» hám t.b. sol sıyaqlı sózler kóbirek qollanıladı.

Joqarıdaǵı keltirilgen mısal, demek, ul balalar ushın aytılatuǵın háyiw bolıp esaplanadı. Qız balalar ushın tómendegi bir neshe háyiwlerdi mısalǵa keltiriw múmkin.

1. Aynalayın appaǵım,
   Sút ústinde qaymaǵım,
   Ash bolǵanda azıǵım,
   Shóllegende suwsınım[2]

2. Qızım, meniń qızǵa usar,
Baydıń malın ızǵıtar,
Qozıma kelgen qırq kisi,
Qırq kisiniń ishinen
Ayttırıp alar bir kisi[3] t.b.

Ana óz háyiwi arqalı balanı baxıtlı ómirge baǵdarlaydı, óz mehirin, pármanalaǵanın kórsetetdi. Qatarınan kem bolmay jámiyette óz ornın tabıwda násiyatlaydı. Mısalı:

Anań ketpes qasıńnan-ay,
Sıypar bárhá basıńnan-ay,
Qatarıńnan kem etpey-ay,
Pármana bolar jasıńnan-ay ...

Analar ózleri aytatuǵın besik jırlarında uldı uyaǵa qondırıw, qızdı qıyaǵa qondırıw óz wazıypası ekenligin hámme waqıt sáwlelendiredi. Mısalı,

Qaraǵım meniń jasında,
Maqpal qalpaq basında,
Áshokoyli aq otaw,
Aǵasınıń qasında.[2]

Meniń qaraǵım bir mırza,
Qulaǵında jup sırǵa,
Qalıń malın sorasań,
Seksen tuwar, bir jorǵa.

Xalqımız óziniń ómiriniń jalǵası bolǵan óz perzentlerin hár tárepleme rawajlanǵan, aqıllı, tártipli, kúshli, deni saw, bilimli, ilimli bolıwın bárqulla dıqqat orayında tutadı. Olardıń kámil insanlar bolıp jetilisiwinde óz janların tóz etedi ayamaydı. Ata-analardıń bul pazıyletlerin ózleri jır etip aytatuǵın besik jırlarınan anıq kóremiz. Demek, besik jırı xalıq awızeki dóretpeleriniń eń áhmiyetli túrlerinen biri bolıp, ol jaslardıń milliy tárbiyanıń quramlı bólekleriniń qálegen túrlerin ózlestiriwde tárbiya quralı rolin aytqaradı.

Balalar tárbiyasında keń qollanılatuǵın awızeki xalıq dóretpeleriniń jáne bir áhmiyetli túriniń biri balalar qosıqları bolıp esaplanadı. Balalar qosıqları kewilge qonımlı, názik, gózzal, estetikalıq zawıqlı sezimlerge bay bolıp keledi. Balalar qosıqları balalar tili menen, ápiwayı jazılǵanlıqtan olardıń yadlawları ushın qolaylı bolıp keledi.

Balalar qosıqları óziniń maqsetine, mazmunına qaray otırıp, bir neshe túrlerge bólinedi. Olar taqmaq, oyın-zawıq túrlerinde kóbirek ushırasadı.

Taqmaqtı aytqanda balalar anıq etip, túsinikli, tásirli etip aytadı. Shańaraqta ata-analar, ilajı bolǵanınsha, balalar qosıqlarında sózlerdi, seslerdi

durıs aytıwına itibar beriwleri tiyis. Taqmaq formasındaǵı qosıqlardan xalqımız arasında kóbirek tarqaǵan túri «Túlkishek» qosıǵı bolıp esaplanadı.

- Há túlkishek, túlkishek,
- Túnde qayda barasań
- Mamamnıń úyine baraman,
- Mamań sagan ne berer
- Eshki sawıp sút berer,
- Eshkisiniń súti joq,
- Ílaǵınıń putı joq,
- Taram-taram et berer,
- Onı qayda qoyasań
- Tal túbine qoyaman,
- Iyt áketse ne qılasań
- Iyt awzınan alaman,
- Batıy xanǵa baraman,
- Batıy xannıń nesi bar
- Ushar-ushar qusı bar,
- Ushıp ketti hawaga,
- Qaytıp tústi dáryaǵa
- Dárya suwın qurıttı,
- Aq shabaǵın shiritti,
- Eki baydıń jurtında,
- Eki tıshqan urıstı . . .

Balalar bul «Túlkishek» qosıǵın aytıw arqalı tek sózlerdi, seslerdi durıs aytıp úyrenip ǵana qoymastan, hár túrli haywanatlar, quslar, tábiyattaǵı basqa da nárseler menen tanısıw múmkinshiliklerine iye boladı. Olar: eshki, tal, iyit, qus, dárya, shabaq, et, put, sút, tıshqan h.t.b. tanısadı.

Qosıq ishinde keltirilgen haywanatlar, quslar, dáryalar, kóller boyınsha kishi jastaǵı balalar túsinikleri júdá azǵantay bolıwları múmkin, hátteki, olardı bir-biri menen shatastırıp alıw jaǵdaylarıda ushırasıwları itimal. Bunday waqıtları ata-analar durıs túsinikler beriwleri tiyis. Tilekke qarsı, ayırım ata-analardıń nadurıs juwaplar, qáte túsindiriwler beriwleriniń gúwasımız. Ilájı bolǵanınsha, olarǵa durıs, anıq, túsinikler beriw kerek. Bulardan basqa «Hákke qayda», «Áwelemen-dwelemen», «Ótirik óleń», «Ótirik ertek», «Há túyeler, túyeler» t.b. túrleri oǵada kóp.

Balalar qosıqları joqarıda aytqanımızday mazmunı, maqsetlerine qaray hár túrli tárbiyalardı ámelge asıradı.
Mısalı, «Há túyeler, túyeler» qosıǵında túye haqqında, duz haqqında, taw haqqında, balıq haqqında túsinikler alıw menen birge óz xalqımızdıń turmısı menen, geografiyalıq jaylasıwı menen de tanısadı.

Balalar qosıqlarınıń jáne bir túri «Birim bir» qosıǵı bolıp esaplanadı. ol balalarǵa didaktikalıq maqsette qollanılıp, sanawdı úyretiwde júdá qol keledi.

Birim bir,
Eki eki,
Úshim úsh,
Tórtim tórt,
Besim bes,
Altım altı,
Jetim jeti,
Segizim segiz,
Toǵızım toǵız,
Onım on,
On birim onı tapshı[1]

Bul qosıqtıń ekinshi bir túri de bar, bunda bala onǵa shekem sanaw menen birge on túrli nárse menen tanısıw múmkinshiligine iye boladı.

Bir degenim biliw,
Eki degenim egew,
Úsh degenim úshek,
Tórt degenim tósek,
Bes degenim besik,
Altı degenim asıq,
Jeti degenimi jelke,
Segiz degenim serke,
Togız degenim torqa,
On degenim oymaq,
On biri degenim jumbaq[1]

Ata-analar balalarǵa bul qosıqtı taqmaq etip aytıp atırǵanda álbette, seslerdiń, sózlerdiń durıs aytılıwına kewil bóliwleri tiyis. Balalar bir neshe ret aytqanınan keyin jalıǵıwları da múmkin, bunday jaǵdayda «biliw», «egew» t.b. sózler ornına sanlarga uqsas bolǵan sózlerdi tawıp aytıwdı talap etiw de múmkin. Mısalı, «Bir degenim birlik», «Eki degenim erlik» t.b. taza sózlerdi tawıp barǵanları maqul.

Nátiyjede balalardıń tili rawajlanadı, olar jańa sózlerdi ózlestiredi.

Ata-analar shańaraqlardaǵı bala tárbiyasında jańıltpashlardan da keń paydalansa boladı. Jańıltpashlar balalardıń seslerdi jańılmay durıs hám tez aytıwların ámelge asırıwda roli oǵada ullı.

Haqıyqatında da, jańa tili shıǵıp, sózlerdi ózlestirip atırǵan balalardıń ayırım sózlerdi, seslerdi aytıwda qıynalatuǵınları bizge málim. Mısalı, «R» sesin balalar «iy» dew jaǵdayları ushırasadı. Ayırım balalar «L», «K», «S»,

«T» seslerin aytıwda da qıynaladı. Bunday jaǵdaylarda joqarıdaǵı seslerdi aytıp, úyreniwge múmkinshilik beriwshi jańıltpashlardan paydalansa boladı.

Mısalı: Ayır atandı júk qartaytar,
Semiz qoydı may qartaytar.
Qırda qırıq qırǵawıl,
Qırıq qırǵawıl ishinde
Qırıq jıl qısır qalǵan,
Qızıl qıl quyrıqlı qırǵawıl.

Bórge jedik,
Qarma jedik,
Palma dedik,
Kóp jep edik,
Shóllep edik,
Kók shay ishtik,
Kóp shay ishtik,
Tek shay ishtik.

Kól bette:
Kók shópte kóp,
Shópshekte kóp,
Shekshekte kóp,
Atshókte kóp.

Men qozımdı
Qońırawınan tanıdım,
Qońır bawınan tanıdım,
Omarawınan tanıdım,
Mańırawınan tanıdım.

Shańaraqta ata-analar bala tárbiyasında qollanılatuǵın jańıltpashlardan sistemalı paydalanıp barǵanı maqul. Balalar ushın olar oǵada qızıq, aytıwǵa júdá umtıladı. Bir tárepinen, olardıń tili rawajlansa, ekinshi tárepinen, jańıltpash ishinde ushırasatuǵın nárselerdi úyrenep, dúnya tanıwı da keńeyedi. Joqarıdaǵı bir jańıltpashtıń ózinde «Kók shóp», «Shópshek», «Shekshek», «Atshók» sózleri gezlesip atır, álbette, ata-analar ol nárselerdiń mánisin, túr túsin, ózgesheliklerin, olardıń solayınsha atalıw sebeplerin túsindirip bergeni maqul boladı.

Shańaraqlardaǵı bala tárbiyasında jumbaqlardıń da tárbiyalıq áhmiyeti oǵada ullı. Jumbaq sózi «jum» hám «baq» degen eki sózden payda bolıp, bir nárseni oylanıp tabıw, degen mánisti ańlatadı.[2] Xalqımız jumbaqlardı ázel-ázelden paydalanıp keledi. Jumbaqlar balalardıń oy órisin, qıyalın, dúnya tanıwın rawajlandıradı.

Olar tábiyattaǵı, jámiyettegi bar kópshilik nárselerdi, hádiyselerdi úyreniwge múmkinshilikler beredi. Kópshilik jaǵdaylarda shańaraqlardaǵı jası úlkenler kishkenelerge jumbaqlar jasıradı. Kishkentaylar oylanadı, izlenedi, bir nárseni ekinshi nársege salıstıradı, hár túrli belgilerin, ózgesheliklerin, túr-túslerin qarastıradı. Eger taba almasa, aspanda ma, jerde me, qırda ma, suwda ma, h.t.b. sorawlardı berip, olar jumbaqlardı durıs sheshiwge umtıladı.

Bunday waqıtları jumbaq jasırıwshı jası úlken adam juwabın birden aytpastan, balanı izleniwge, oylawǵa baǵdarlap, járdemlesip barǵanları maqul boladı. Ilajı bolǵanınsha, jumbaq balalar ómirine baylanıslı, kúndelikli turmısta ushırasatuǵın nárseler bolǵanı maqul.

Jumbaqlar hár túrli tarawlarda ushırasadı, mısalı, sharwashılıqqa, diyxanshılıqqa, balıqshılıqqa, ańshılıqqa, úy buyımlarına, oqıw qurallarına, qurılısqa, azıq-awqatqa h.t.b. baylanıslı jumbaqlar bolıwı múmkin.

Bası taraq, quyrıǵı oraq. (qoraz)

Bası bar, shashı joq,
Kózi bar, qası joq. (balıq)

Izleseń izi joq,
Bawızlasań qanı joq. (keme)

Aq sandaǵım ashıldı,
Ishinen nur shashıldı. (quyash)

On eki shaqalı úlken daraq,
Hár shaqada otız japıraq,
Japıraqtıń bir jaǵı qara,
Bir jaǵı aq . . . (12 ay, 30 kún, 30 tún) h. t.b.

Shańaraqta ata-analar jası úlkenler balalardıń bos waqıtlarında awızeki xalıq dóretpeleriniń basqa túrlerinen tárbiya waqtında paydalanǵanı sıyaqlı jumbaqlardan da paydalanıp barǵanı maqul boladı.

Xalqımız shańaraqta bala tárbiyasında termeden de keń paydalanadı. Terme xalıq arasında oǵada keń tarqalǵan awızeki xalıq dóretpeleriniń biri bolıp tabıladı. Termelerdi ertede jırawlar, baqsılar, qıssaxanlar kóbirek aytatuǵın bolǵan. Termeler aqıl sózlerdi, násiyatlardı terip alǵan bolıp, jaslarǵa adamgershilik sıpatlardı qáliplestiriwde teńi-tayı joq tárbiya quralı esaplanadı. Termelerdi ata-analar balalarına oqıp beriwi de múmkin yamasa oqıw múmkinshiligi bar balalarına oqıtıwǵa da boladı. Termelerdi oqıp

baratırǵan waqıtta yamasa oqıp bolıp, mánisin shaǵıp túsindirip bergen jón boladı. Sonda balaǵa júdá túsinikli hám esinde uzaq saqlanadı.

Shańaraqtaǵı bala tárbiyasında naqıl maqallar da oǵada kóp qollanıladı. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları oǵada keń tematikaǵa iye bolıp esaplanadı, onda xalqımızdıń turmısınıń hámme tárepleri sáwlelenedi. Naqıl-maqallardıń bári ómirden alınıp, haqıyqıy turmıs mashqalaları súwretlenedi. Naqıl-maqallar dáwirden-dáwirge ótip, bayıp, jetilisip, zamanǵa say beyimlesip baradı. Naqıl-maqallar jaslardı miynet etiwge, halıs xızmet kórsetiwge, miynetti aqırınadeyin jetkeriwge násiyatlaydı.

Qayır etseń pútin et,
Jartı qayır jaraspas.
Qıymıldaǵan qır asar,
Búlkildetgen jer tóser.
Hadal miynet azdırmas,
Sumlıq boydı jazdırmas.

Tematikası boyınsha qaraqalpaq naqıl-maqalları bir neshe toparlarǵa bólinedi.

a) miynet, óner-kásip haqqında,
b) úrp-ádet, dástúrlerge baylanıslı,
v) Watan, xalıqtı, súyiw, doslıq haqqında,
g) jıl máwsimleri, tábiyat kórinisleri haqqında,
d) jańadan payda bolǵan naqıl-maqallar,
e) termeler, tolǵawlar h.t.b.

Miynet adamnıń kún kórinisindegi negizgi faktordan bolıp tabıladı, sonıń ushın miynet temasına naqıl-maqalda oraylıq orındı ajıratılıwı tábiyǵıy nárse. Miynettiń ájayıp qásiyetleri jaǵımlı til menen bayanlanadı.

a) Hárektke bereket.
b) Xızmet etseń millet etpe.
v) Shópshek degen shóp boladı
Tereberseń kóp boladı.

Írasında da, naqıl-maqallar ápiwayı turmıs keshiriw barısında háreket etken jaqsı, bir talaptıń basında bolǵan jaqsı ekenligin túsinikli halda jetkeredi. Xalıq ushın etilgen miynettiń milletsiz bolıw kerekliginde durıs nárse - mine qaysı naqıl-maqallardı alsaqta, olar turmıstaǵı real máselelerdi súwretleydi.

Jámiyetlik ádep-ikramlılıqqa moral normalarına tán naqıl-maqallarda adamlardıń minez qulıq normalarındaǵı jetiskenligi, keleshegi ashıq aytıladı. Demek, olar jaslarǵa jaqsı insanlar bolıw kerekligin, dosqa zıyanıńdı tiygizbew kerekligin násiyatlaydı.

Qaraqalpaq xalqı diyxanshılıq penen kóbirek shuǵıllanǵanlıqtan onı suwǵarıwdıń áhmiyetin de esten shıǵarmaydı. Naqıl-maqallardıń

kórsetkenindey, hár bir jámiyettiń óziniń tártibi, siyasatı, adamgershilik normaları boladı, jaslardı sol dáwirdiń talaprlarına say bolıwǵa shaqıradı.

Onı «Hár zamannıń óz sazı bar» dep táriypleydi.

Jámiyet aǵzalarınıń túsinikleri, pikirleri, qabıl etiwler bir qıylı emes, hár kimde hár túrli onı:

1) «Bir biyeden aladı, quladı tuwıladı».

w) «Balanıń ózin tuwsań da, minezin tuwmaysań».

3) «Bolar bala bes jasınan belgili».

Mine, qálegen naqıldı alsaq ta, óziniń ótkir pikiri menen, kórkemligi menen, tiliniń anıqlıǵı menen ajıralıp turadı. Naqıl-maqallardı paydalanǵanda ata-analar balalarǵa tárbiyalıq tásir kórsetetuǵın dárejede qollanıw kerek boladı.

Awızeki xalıq dóretpeleriniń jáne bir áhmiyetli tarawlarınıń biri - ertekler. Olar Watanǵa muhabbat, onı qorǵaw, zulımlıqqa qarsı sheksiz gúres, batırlıq, turaqlılıq, shıdamlılıq, tártiplilik, shólkemleskenlik, miynet súygishlik, haqıyqatlıq, doslıq h.t.b. insanıylıq pazıyletler tereń súwretlenedi.

Ertekler mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa oǵada kúshli tásir etip, olardaǵı hár túrli sezimlerdi oyatadı, (quwanısh, qorqınısh, miyrimlilik, shadlıq h.t.b.). Barlıq erteklerde balalardı belgili bir dárejede tárbiyalawǵa qaratılǵan boladı. Ertekler bárhá haqıyqatlıqtı, hadallıqtı jaqlap, qollap-quwatlap otıradı.

Balalar erteklerdi tıńlaǵanda oylanadı, belgili bir túsiniklerge iye boladı, kóz aldına keltiredi, obrazlar jaratadı, olardıń turmıs tájiriybeleri kem bolǵanlıqtan nadurıs túsiniklerge iye bolıwı múmkin. Bunday waqıtları ata-analar balalar menen pikirlesip, sáwbetlesip, túsinbegen jerlerin túsindiriwleri úlken rol oynaydı.

Qaraqalpaq xalıq erteklerinde kóbirek jámiyettiń materiallıq jaydayları sáwlelenip, olarǵa baylanıslı bolǵan úy haywanları kóbirek sóz etiledi (atlar, túyeler, qoylar, qozılar, eshkiler, ılaqlar h.t.b.). Úy haywanları jabayı jırtqısh haywanlar menen qarama-qarsılıqlarda bolıp, jabayı jırtqısh haywanlardıń ádalatsızlıqların kórip, olar ústem bolıp keledi. Awızeki xalıq dóretpeleriniń ishinde erteklerdiń xarakterli ózgesheligi sáwlelendiriw qurallarınıń kóp túrliliginde bolıp esaplanadı.

Janrlıq kóz qarastan qaraǵanda, erteklerdi túrlerge bóliwde folkloristikada ele tolıq tártiplestirilmegen, hár ilimpaz hár qıylı bólip júr (geybirewler eki toparǵa, bazı birewleri úsh toparǵa, al úshinshi birewleri tórt toparǵa bóledi).

Házirgi kúnde kópshilik ilimpazlar erteklerdi úlken úsh toparǵa bóledi.

1. Sıyqırlı ertekler.
2. Haywanlar haqqındaǵı ertekler.
3. Turmıslıq ertekler.

Olardıń ishindegi sıyqırlı ertekler oǵada kóp taralǵan túri bolıp esaplanadı. Bunda waqıyalar qıyalıy túrde sáwlelengen boladı. Haywanatlar bir túrden ekinshi túrge, hátteki adamǵa da aylanıp, ketedi, al adamlar haywanlarǵa da aylanıp oǵada fantastikaǵa bay bolıp keledi.

Biraq, fantastika elementleriniń qatnası ómir shınlıqların biykarlamaydı. Kerisinshe, tıńlawshı ertek mazmunın gúzetip otırıp, xalıqtıń turmısı menen keńnen tanısadı.

Ertek qáhármanlarınıń geybirewlerine ayanısh sezimleri payda bolsa, al unamsız qáhármanlarǵa degen jek kóriwshilik sezimleri artadı.

Sıyqırlı erteklerde qáhármanlar haywanatlar bolǵanı menen oraylıq figurada adamlar turadı. Sıyqırlı erteklerde mástan kempirler, aydarhalar, jeti baslı jılanlar, adamlarǵa aybat shegip, olardıń ómirine qáwip tuwdırsa, sıyqırlı júzik, sıyqırlı tayaqlar adamlardı qutqaradı, kerekli zatların sol payıtta tayar etedi.

Bul erteklerde jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı gúres bárqulla háwij alıp barsa da, jaqsılıq jamanlıq ústinen jeńiske erisip otıradı. Nátiyjede ertek tıńlaǵan adam jaqsılıqtıń, hadallıqtıń táreptarı bolıwı sózsiz.

Haywanatlar haqqındaǵı ertekler qaraqalpaq xalıq ertekleriniń eski túrlerinen bolıp esaplanadı. Hámmege belgili, Oraylıq Aziya hám Shıǵıs xalıqları jıllardı haywan atları menen ataydı (tıshqan, jılan, sıyır, jılqı, qoy, qoyan h.t.b.) Haywanatlarǵa baylanıslı bolǵan biraz oylar da bar. Iyttiń urǵanı jaman, hákkeniń shıqılıqlaǵanı jaman boladı, tamǵa bayıwlı qonsa bolmaydı h.t.b.

Haywanatlarǵa baylanıslı ertekler oǵada kóp, ondaǵı bas qaharmanlar at, eshek, eshki, túye, qoy, tawıq, iyt, pıshıq h.t.b. Olardıń birewi kúshli bolsa, birewi hálsiz bolıp keledi, úshinshisi hiyleker bolsa, tórtinshisi ańqaw bolıp súwretlenedi.

Bunday ertekler arqalı jas óspirimlerge hár bir haywanattıń paydası, olardıń «minez-qulıq normaları», «atqaratuǵın xızmetleri» aytıladı. Mısalı, at, eshek, túye kúsh-kólik retinde paydalanılsa, ekinshi tárepten at, túye, sút beredi, gósh retinde paydalanıladı h.t.b. haywanatlardıń paydalı tárepleri túsindiriledi.

Tımsalıy erteklerdegi bas maqset jaslarǵa tábiyat haqqındaǵı, haywanatlar dúnyası haqqındaǵı túsiniklerdi beriw bolıp, olardı erteklerde bas qaharman etip kórsetedi.

Bunday erteklerde teńewler oǵada sheber qollanıladı. Mısalı, jolbarıs, arıslan kópshilik waqıtta patsha obrazın berse, qasqır ashkóz bolıp, baylardıń obrazların, túlki bolsa, hiyleker bolıp súwretlenedi.

Jaslarǵa milliy tárbiya beriwde qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleriniń áhmiyetli janrlarınıń biri-xalıq oyınları bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalıq oyınlarınıń túrleri oǵada kóp. Olardıń biri balalardaǵı ádep-ikramlılıq

tárbiyanı qáliplestirse, ekinshisi - miynet tárbiyasın, úshinshisi - estetikalıq yaki ekologiyalıq tárbiyalar beriwge baǵdarlanǵan bolıwı múmkin.

Balalardıń jas ózgesheliklerine, múmkinshiliklerine, qızıǵıwshılıqlarına qaray otırıp, hár túrli mazmundaǵı xalıq oyınların oynatıw múmkin. Olarǵa mınanday oyınlar jatadı: qawın-qawın, áwelemen-dúwelemen, asıq atıw, pıshıq-tıshqan, teppek, tamǵa ushaq, suw qalaq, jasırınbaq, taq-taq, jup pa-taq pa, bas barmaq-balan úyrek, aq terek pe-kók terek, hákke qayda, arpa-gúrpe, top shókkelespek, bektas, mańlay shertpek h.t.b. oyınlardı kóplep keltire beriw múmkin.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalar menen «Áwelemen-dúwelemen» oyınların oynatıwǵa da boladı. Balalar aylanba qur dúzetip, ayaqların ortaǵa sozıp otıradı. Úyde jası úlken balalar basshılıq etse, oyın tómendegishe:

Áwelemen-dúwelemen
Salqan iyttiń sanı menen,
Qara qoydıń qanı menen,
Áwez molla qayda ketti.
- Duzǵa ketti,
- Qashan keler,
- Jaz keler,
- Jaz kelmese, gúz keler,
Pállenpush,
Sen tur, sen shıq

dep bir ayaqtı sırtqa shıǵaradı, oyın qaytalana beredi, eń sońında bir ayaq shıqpay qaladı, hámme bala sol balanıń ayaǵın uslap turıp qıtıqlaydı.

Oyın bir neshe ret qaytalanadı (qansha qaytalanıwı oynap atırǵan balalardıń qálewlerine baylanıslı).

Awızeki xalıq dóretpeleri janrlarınıń ishinde balalar ushın oǵada tásirsheńlisi oyınlar bolıp esaplanadı, sonlıqtan da ata-analar balalardıń oyınların durıs shólkemlestiriwleri hám durıs basshılıq etiwleri kerek boladı.

Ol ushın tómendegi nárselerdi esapqa alıw kerek:

a) balalar turmısına baylanıslı oyınlardı durıs tańlay biliwleri tiyis;

b) múmkinshiligi bolǵanınsha balalardıń qızıǵıwshılıǵın, bilim hám uqıpların esaplawı kerek;

g) oyın waqtında balalar basqalardıń jaǵdayların esapqa alatuǵın bolıwı tiyis.

v) oyın arqalı insanıylıq qádiriyatlar tárbiyalanatuǵın bolıwları tiyis.

d) oyın tamam bolǵannan soń onıń juwmaqları shıǵarılıp jeńimpazlar anıqlanıp, qáte-kemshilikler, jetiskenlikler sóz etiliwi tiyis.

# J u w m a q l a w

Metodikalıq qollanbanı orınlaw barısında úyrengen ádebiyatlarımız, pikirlesiwlerimiz, izertlengen ata-analardıń turmıs tájiriybeleriniń kórsetiwinshe, balalardı shańaraqta tárbiyalaw barısında xalqımızdıń awızeki dóretpelerinen paydalanıw oǵada áhmiyetli ekenligi kórsetip anıqlaw.

Jumıstıń kirisiw bóliminde bul temanı tańlap alıwdıń áhmiyeti, temanıń maqseti, wazıypaları, ilimiyliligi, teoriyalıq hám ámeliy tárepten tálim tárbiya sistemasındaǵı tutqan ornı h.t.b. sóz etilgen.

Jumıstıń birinshi babında tańlap alǵan temamızdıń ilimpazlar tárepinen izertleniw jagdayları, izertlew nátiyjeleri sáwlelengen.

Ekinshi bapta qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleriniń hár bir janrınıń shańaraqtaǵı bala tárbiyasında tutqan ornı, onı ata-analar tárepinen tárbiya quralı retinde paydalanǵandaǵı pedagogikalıq áhmiyetleri hár tárepleme óz sáwleleniwin tapqan.

Pikirimizdiń sońında, ata-analarǵa shańaraqtaǵı bala tárbiyasında awızeki xalıq dórtpelerinen paydalanıwda esapqa alıwları tiyis bolǵan bir neshe másláhátler bermekshimiz.

1. Ata-analar awızeki xalıq dóretpelerin tárbiya waqtında qollanǵanda balalardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıwları tiyis.

2. Ata-analar awızeki xalıq dóretpeleriniń tárbiya payıtında qollanıwı tiyis bolǵan janrın ózleriniń jetik ózlestirip alǵanı maqul boladı.

3. Balalar tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıw barısında ata-analar olardıń múmkinshiliklerin, qızıǵıwshılıqların esapqa alıwları tiyis.

4. Ata-analar bala tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanǵanda sol janrdıń sol materialı tárbiyanıń qaysı túrin ámelge asırıwǵa qaratılǵanın esapqa alıp barıwları tiyis.

5. Tárbiya barısında ata-analar awızeki xalıq dóretpeleriniń qay janrınan paydalansa da balalardıń túsiniw dárejesin qadaǵalap barıwı hám olarǵa belgili bir baǵdarlar beriwleri tiyis.

6. Ata-analar balalar tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıwda baqsha tárbiyashıları, mektep oqıtıwshıları menen tıǵız baylanıslı halda is alıp barıwı tiyis.

7. Ata-analar bala tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıwda materiallardı iláji bolǵanınsha, turmıs penen baylanıslı halda alıp barıwları tiyis.

Metodikalıq qollanbamızda qaraqalpaq shańaraqlarında bala tárbiyasındaǵı awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıwdıń pedagogikalıq áhmiyeti, xalıq awızeki dóretpeleriniń túrleri, olardı paydalanıw múmkinshilikleri hár tárepleme sóz etildi.

Ireti kelgen orınlarda juwmaqlar berildi. Joqarıda sóz etilgen materiallardan, usınıslardan ata-analar keń paydalansa, álbette, balalardıń kamil insanlar etip tárbiyalawday juwapkerli islerinde joqarı nátiyjelilikler boladı dep isenemiz.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI


1. Karimov I.A. Barkamol avlod O'zbekiston taraqqiotining poydevori. T. 1997
2. Karimov I.A. O'zbekistonning o'z istiqlol va taraqqiot yo'li. T. 1992
3. Qaraqalpaq folklorı. I-II tom, N. 1977, III-IV tom, 1978, V tom, 1980.
4. Maqsetov K. Qaraqalpaq folkloristikası. N. 1989
5. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. Dúziwshi Q.Mambetnazarov. N.1990
6. Mirtursunov Z. Ózbek xalq pedagogikasi. T. 1973
7. Inamova M. Oilada bolalarning ma′naviy axloqiy tarbiyasi. T. 1999
8. Qaraqalpaq xalıq ańızları hám anekdotları. Baspaǵa tayarlaǵan Q.Maqsetov h.t.b. N. 1995
9. Mambetnazarov K. Qaraqalpaq ertekleri haqqında. N. 1981
10. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. H. 1996
11. T.Saparbaev Nravstvennoe vospitanie mladshix shkol′nikov sredstvami ustnogo narodnogo tvorchestva. (Avtref. Kand. diss.)
T. 1998
12. Qayırbaev J., Saparbaev T. Oqıwshılarǵa qaraqalpaq xalıq ertekleri arqalı ádep-ikramlılıq tárbiyasın beriw. (met. qol). N. 2001
13. Jumasheva. G, Barıbina N.S. Balalar turmısında xalıq dóretpeleri. N. 1995
14. Sadıkov U. Jańıltpashlar. N. 1975
15. Kayırbaev. J, Esbolǵanov J. Bileseń be tilińdi H. 1997
16. Saparbaev T. Salamat áwladtı tárbiyalawda qaraqalpaq milliy oyınlarınan paydalanıw múmkinshilikleri. OPIII Qaraqalpaqstan filialı, (ilimiy maqalalar toplamı) H. 2002.

MAZMUNÍ

Kirisiw. 3

Xalıq awızeki dóretpeleriniń payda bolıwı, rawajlanıwı izertleniwi haqqında 4

Shańaraqlarda bala tárbiyasında awızeki dóretpelerininen paydalanıwdıń pedagogikalıq áhmiyeti 11

Juwmaqlaw 23

Paydalangan ádebiyatlar 24

**Dúziwshi**: Saparbaev Tajibay-Ájiniyaz atındaǵı NMPI, «pedagogika» kafedrası docenti p.i.k

# *Shańaraqlardaǵı bala tárbiyasında awızeki xalıq dóretpelerinen paydalanıw*

**Metodikalıq qollanba**

*Bas redaktor: K.M. Koshanov*
*Texredaktor: X.K. Shamuratova*
*Korrektor: Z.B. Baltabaeva*
*Operator: N.Nısanbaev*

**Ájiniyaz atındaǵı NMPI Redakciya-baspa bólimi**
**Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanasında basılǵan. 2020-jıl.**
**Buyırtpa №0137. Nusqası 100 dana. Formatı. Kólemi 1,25 b.t**
**230105, Nókis qalası, P.Seytov kóshesi, Reestr №11-3084**